# WEWATON

## PANULISE BASA JAWA

## NGANGGO AKSARA JAWA

(ꦥꦤꦸꦭꦶꦱꦺꦧꦱꦗꦮ

ꦔꦁꦒꦺꦴꦲꦏ꧀ꦱꦫꦗꦮ)

dening

S. Padmosoekotjo

1984

# BAB 1. DENTAWYANJANA

1. Dentawyanjana ateges aksara untu (denta = untu, wyanjana = aksara) lumrahe ditegesi carakan yaiku urut-urutane aksara Jawa wiwit saka ꦲ tekan ꦔ cacahe rong puluh yaiku :

ꦲ꧈ ꦤ꧈ ꦕ꧈ ꦫ꧈ ꦏ꧈
ha, na, ca, ra, ka,

ꦢ꧈ ꦠ꧈ ꦱ꧈ ꦮ꧈ ꦭ꧈
da, ta, sa, wa, la,

ꦥ꧈ ꦝ꧈ ꦗ꧈ ꦪ꧈ ꦚ꧈
pa, dha, ja, ya, nya,

ꦩ꧈ ꦒ꧈ ꦧ꧈ ꦛ꧈ ꦔ꧉
ma, ga, ba, tha, nga.

2. Aksara 20 ing dhuwur iku siji-sijine diarani aksara legena. (Jawa kuna lagna), tegese aksara wuda, tanpa sandhangan.

3. Miturut kedaling pakecapane , aksara 20 iku kena diperang dadi lima yaiku :

a. Aksara gorokan : ꦲ꧈ꦏ꧈ꦒ꧈ꦔ꧉

b. Aksara untu : ꦤ꧈ꦢ꧈ꦱ꧈ꦠ꧉

c. Aksara cethak : ꦕ꧈ꦗ꧈ꦪ꧈ꦚ꧉

d. Aksara ilat : ꦫ꧈ꦭ꧈ꦛ꧈ꦝ꧉

e. Aksara lambe : ꦥ꧈ꦮ꧈ꦩ꧈ꦧ꧉

Kejaba iku ana aksara kang diarani

f. Aksara irung : ꦤ꧈ꦚ꧈ꦩ꧈ꦔ꧉

g. Aksara luluh : ꦫ꧈ꦭ꧉

h. Aksara mandaswara : ꦥ꧈ꦪ꧉

4. Wujude aksara Jawa iku jejeg utawa dhoyong. Jejeg, lumrahe tumrap aksara cap-capan; dhoyong, tumrap tulisan tangan. Dhoyonge tulisan Jawa mangun pojok 60 grad.

5. Unine aksara Jawa ing sajroning carakan iku jejeg. Nanging yen ana ing sajroning tembung, unine aksara Jawa legena iku ana sing lan ana sing miring. Tuladhane :

a. Sing unine jejeg, kayata aksarane tembung-tembung ing ngisor iki :

ꦲꦮ ꦱꦩ ꦭꦫ ꦩꦱꦗꦪ ꦲꦤ ꦏꦤ ꦔꦮ

b. sing unine miring, kayata aksara ing purwane tembung-tembung telung wanda

ing ngisor iki :



Katrangan : Sing diarani uni jejeg utawa swara jejeg yaiku swara sing durung owah saka asale.

Tuladha : a tetep a : sapa, kana, mara, rasa, bala, bata, nala lsp.

Sing diarani swara miring yaiku swara sing wis owah saka asale.

Tuladha : a dadi ā : pāpān , pāngān, bārāng, sāwāng, pāsār lsp.

# BAB 2 PASANGAN

1. Pasangan iku ana kang awujud :

a. Aksara wutuh, yaiku : ꦒ꧀ꦒ꧈ ꦪ꧀ꦪ꧈ ꦒ꧀ꦛ꧈ ꦚ꧀ꦚ꧉

Katulis ing sangisore aksara kang dipasangi, ora kagandheng.

ꦢꦂꦩꦤ꧀ꦫꦲꦸꦥ꧀ ꦒꦺꦴꦭꦺꦏ꧀ꦪꦸꦪꦸ ꦩꦔꦤ꧀ꦫꦸꦗꦏ꧀

darman raup golek yuyu mangan rujak

b. Aksara tugelan kang katulis ing saburine aksara kang dipasangi, yaiku : ꧀ꦲ꧈ ꧀ꦱ꧈ ꧀ꦥ꧉

ꦮꦶꦠ꧀ꦲꦱꦼꦩ꧀ ꦚꦸꦮꦸꦤ꧀ꦥꦩꦶꦠ꧀ ꦩꦔꦤ꧀ꦱꦭꦏ꧀

wit asem nyuwun pamit mangan salak

ꦩꦤꦸꦏ꧀ꦲꦼꦁꦏꦸꦏ꧀ ꦒꦸꦥꦏ꧀ꦥꦸꦭꦸꦠ꧀ ꦝꦶꦥꦸꦤ꧀ꦱꦼꦒꦃ

manuk engkuk gupak pulut dipun segah.

c. Aksara tugelan kang katulis ing sangisore aksara kang dipasangi, ora kagandheng, yaiku :
ꦏ꧀ꦏ꧈ ꦠ꧀ꦠ꧈ ꦭ꧀ꦭ꧉

ꦲꦪꦩ꧀ꦏꦠꦺ ꦢꦩꦼꦭ꧀ꦏꦸꦥꦠ꧀ ꦤꦤꦼꦩ꧀ꦠꦺꦭ

ayam kate damel kupat*) nanem tela

ꦱ꧀ꦭꦩꦼꦠ꧀ꦭꦸꦕꦸ ꦲꦸꦭꦩ꧀ꦭꦺꦭꦺ ꦲꦫꦼꦥ꧀ꦠꦸꦫꦸ

slamet lucu *) ulam lele arep turu.*)

*) katrangan : pasangan ta lan la yen oleh suku bali wutuh maneh.

d. Aksara tugelan kang katulis ing sangisore aksara kang dipasangi, kagandheng utawa ora, yaiku :

ꦒꦤ꧀ꦝꦶꦏ꧀ ꦒꦩ꧀ꦧꦱ꧀ ꦧꦺꦤ꧀ꦛꦶꦏ꧀

gandhik gambas benthik

ꦏꦤ꧀ꦛꦶꦭ꧀ ꦭꦼꦩ꧀ꦧꦠ꧀ ꦏꦺꦤ꧀ꦝꦶꦭ꧀

kanthil lembat kendhil

e. Kang duwe dhapur dhewe lan kang panulise kagandheng karo aksara kang dipasangi, yaiku :

ꦲꦫꦼꦥ꧀ꦮꦶꦱꦸꦃ ꦒꦺꦴꦭꦺꦏ꧀ꦤꦤꦱ꧀ ꦮꦶꦱ꧀ꦮꦫꦼꦒ꧀ ꦒꦼꦭꦼꦩ꧀ꦚꦸꦒꦸꦃ

arep wisuh golek nanas wis wareg gelem nyuguh

f. Kang duwe dhapur dhewe lan kang panulise kagandheng utawa ora karo aksara kang dipasangi, yaiku :

panci dandan kuncung andum sinjang

punjul lancip jalma

2. Pasangan yen karaketan sandhangan suku utawa sandhangan wyanjana (cakra, keret, pengkal), kudu dibalekake dadi aksara wutuh.

Tuladhane :

kidul kulon pantek trebang sampun luwe pak krama

wis tuwa arep turu lan lyan *) dipun trami *)

*) katrangan : pasangan ka, ta, lan la yen oleh cakra, pengkal lan suku bali wutuh maneh.

3. Panjingan utawa ( gembung), ora kena tumrap ing pasangan kang katulis ing sangisore aksara sesigeg.

mangan kwaci wis ambles

4. Pasangan ora kena pisah karo aksara sing dipasangi . Yen papane sesak, pasangan kang pancene kudu katulis ana saburine aksara kang dipasangi, kena katulis ana ing sangisore, utawa aksara kang dipasangi karo pasangane pisan katulis ana ing wiwitane larikan anyar.

Katrangan :

Pasangan ca ( ) lan ja ( ) ora kena sangisore na ( ) ing sajroning satembung

panci wanci penceng pancing

ꦥꦶꦚ꧀ꦕꦁ ꦥꦺꦚ꧀ꦕꦏ꧀ ꦥꦶꦚ꧀ꦕꦸꦏ꧀ ꦥꦺꦚ꧀ꦕꦺꦴꦏ꧀

pincang pencak pincuk pencok

ꦥꦚ꧀ꦗꦁ ꦥꦸꦚ꧀ꦗꦸꦭ꧀ ꦱꦶꦚ꧀ꦗꦁ ꦒꦽꦚ꧀ꦗꦼꦁ

panjang punjul sinjang grenjeng

ꦲꦺꦚ꧀ꦗꦶꦁ ꦧꦺꦚ꧀ꦗꦸꦠ꧀ ꦧꦚ꧀ꦗꦸꦂ ꦱ꧀ꦭꦺꦴꦚ꧀ꦗꦺꦴꦂ

enjing benjut banjur slonjor

Perlu dikawruhi yen tata panulise tembung Jawa nganggo aksara Jawa ing jaman biyen karo jaman saiki ana bedane, ing antarane :

1. Aksara na lan sa ing saburine wanda sing nganggo sandhangan layar kudu katulis na murda

lan sa murda, nanging mung wantah bae.

2. Aksara sa sing dipasangi pasangan ja kudu ditulis nganggo sa murda, saiki ora (mung wantah

bae).

ꦧꦶꦯ꧀ꦗꦩ꧀ ꦥꦏꦸꦯ꧀ꦗꦩ꧀ saiki ꦧꦶꦱ꧀ꦗꦩ꧀ ꦥꦏꦸꦱ꧀ꦗꦩ꧀

3. Aksara na sing dipasangi pasangan tha lan dha kudu ditulis na murda, nanging saiki ora.

ꦥꦶꦟ꧀ꦝꦩ꧀ ꦥꦺꦟ꧀ꦝꦺꦴꦂ saiki ꦥꦶꦤ꧀ꦝꦩ꧀ ꦥꦺꦤ꧀ꦝꦺꦴꦂ

4. Tembung aran apurwa ha ( ꦲ ) sing kadhisikan tembung ing, purwa a (ha) kudu katulis ng.

conto : ingalas saiki ing alas, ingara-ara saiki ing ara-ara.

ꦲꦶꦁꦔꦭꦱ꧀ ꦲꦶꦁꦔꦫꦲꦫ saiki ꦲꦶꦁꦲꦭꦱ꧀ ꦲꦶꦁꦲꦫꦲꦫ

5. Tembung nganggo seselan in katulis ngango pasangan n (na rangkep) , saiki ora. Conto :

pinnanggih saiki pinanggih, tinnampanan saiki tinampanan.

ꦥꦶꦤꦼꦏꦶꦫ ꦥꦶꦤ꧀ꦢꦢꦔꦤ꧀ꦢꦤ꧀ saiki ꦥꦶꦤꦼꦏꦶꦫ ꦥꦶꦤꦢꦔꦤ꧀ꦢꦤ꧀

6. Tembung nganggo seselan um kudu ditulis rangkep, saiki ora. Conto : dhummateng saiki dhumateng, dummugi saiki dumugi.

ꦝꦸꦩ꧀ꦩꦠꦼꦁ ꦝꦸꦩ꧀ꦩꦸꦒꦶ saiki ꦝꦸꦩꦠꦼꦁ ꦝꦸꦩꦸꦒꦶ

7. Ater-ater anuswara sing luluh karo purwaning tembung katulis a (ha), saiki ora. Conto :

anyapu saiki nyapu, anulis saiki nulis. ꦲꦚꦥꦸ ꦲꦤꦸꦭꦶꦱ꧀ saiki ꦚꦥꦸ ꦤꦸꦭꦶꦱ꧀

8. Tembung punika, punapa, puniki nganggo na rangkep, saiki ora. Conto : punnapa saiki punapa, punnika saiki punika, punniki saiki puniki.

ꦥꦸꦤ꧀ꦤꦥ ꦥꦸꦤ꧀ꦤꦶꦏ saiki ꦥꦸꦤꦥ ꦥꦸꦤꦶꦏ

# BAB 3 . SANDHANGAN

1. Kang diarani sandhanganing aksara iku tetenger kang dienggo ngowahi utawa muwuhi uninging aksara utawa pasangan, kehe ana rolas, yaiku :

a. Sandhangan swara ana 5, yaiku :

◌ꦶ jenenge ulu (wulu), aweh uni kaya dene i

◌ꦸ jenenge suku, aweh uni kaya dene u

ꦺ◌ jenenge taling aweh uni kaya dene e

ꦺ◌ꦴ taling – tarung, aweh uni kaya dene o

◌ꦼ jenenge pepet, aweh uni kaya dene ĕ

Tuladha :

ꦲꦶꦏꦶꦕꦺꦫꦺ ꦢꦸꦢꦸꦕꦺꦴꦫꦺꦴ ꦱꦼꦒꦥꦼꦫ

iki cere dudu coro sega pera

ꦧꦶꦧꦶꦏꦺꦠꦶꦧꦛꦶ ꦧꦸꦢꦤꦸꦠꦸꦏꦸꦠꦲꦸ

bibi Keti bathi bu Danu tuku tahu

ꦱꦼꦠꦺꦴꦭꦺꦪꦺꦥꦼꦤꦸ

kebone Meru telu.

2. Sandhangan wyanjana ana 3, yaiku :

ꦿ jenenge cakra, sesulihe panjingan ra

ꦽ jenenge keret, sesulihe cakra lan pepet.

ꦾ jenenge pengkal, sesulihe panjingan ya

Tuladha :

ꦏꦿꦱ ꦧꦿꦸꦠꦸ ꦏꦽꦠꦼꦒ꧀

krasa brutu kreteg

ꦥꦽꦭꦸ ꦏꦽꦠꦸ ꦠꦿꦸꦮꦼꦭꦸ

prelu kretu truwelu

ꦏꦾꦻ ꦥꦿꦲꦸ ꦏꦺꦴꦥꦾꦃ

kyai prau kopyah

ꦪꦠꦿ ꦲꦩ꧀ꦧꦾꦸꦂ ꦱꦩ꧀ꦥꦾꦸꦃ

yatra ambyur *) sampyuh

3. Sandhangan panyigeging wanda ana 3, yaiku :

ꦃ jenenge wignyan, lelirune sigeg ꦲ

ꦂ jenenge layar, lelirune sigeg ꦫ

ꦁ jenenge cecak, lelirune sigeg ꦔ

Tuladha :

| | | |
|---|---|---|
| ꦒꦼꦫꦃ | ꦮꦃꦪꦸ | ꦧꦁꦏꦺꦴꦁ |
| gerah | wahyu | bangkong |
| ꦏꦸꦂꦩ | ꦤꦸꦤ꧀ꦝꦸꦁ | ꦒꦺꦴꦫꦺꦴꦃ |
| kurma | nundhung | goroh |
| ꦭꦪꦁ | ꦲꦢꦺꦴꦃ | ꦏꦁꦒꦺꦴ |
| layang | adoh | kanggo |
| ꦢꦂꦩ | ꦮꦺꦴꦂꦱꦸꦃ | ꦏꦺꦴꦧꦂ |
| darma | worsuh | kobar |

4. Sandhangan pangkon (paten), yaiku ꧀

Sandhangan pangkon utawa paten, gunane kanggo mratelakake yen aksara kang dipangku iku dadi sesigeging wanda kang ana ing sangarepe. Kajaba iku, sandhangan pangkon uga dadi sesulihe pada lingsa, lan manawa diwuwuhi pada siji (lingsa), dadi lelirune pada lungsi.

Tuladha :

a. Pangkon dadi sesigeging wanda kang ana ing sangarepe :

ꦥꦥꦏ꧀ ꦢꦶꦗꦫꦒ꧀ ꦏꦺꦴꦕꦺꦴꦏ꧀

papak dijarag kocok

ꦢꦶꦥꦥꦒ꧀ ꦕꦶꦭꦶꦏ꧀ ꦕꦺꦴꦕꦺꦴꦒ꧀

dipapag cilik cocog

ꦮꦶꦠ꧀ꦗꦫꦏ꧀ ꦒꦶꦭꦶꦒ꧀ ꦢꦶꦒꦺꦴꦝꦺꦴꦒ꧀

wit jarak gilig digodhog

b. Pangkon dadi sesulihe pada lingsa :

꧋ꦲꦤꦏꦺꦥꦥꦠ꧀ꦈꦫꦶꦥ꧀ꦏꦧꦺꦃ꧉

Anake papat, urip kabeh.

꧋ꦏꦲꦺꦢꦸꦢꦸꦥꦽꦏꦸꦠꦸꦠ꧀ꦩꦤꦸꦏ꧀ꦢꦽꦏꦸꦏꦸ꧉

Kae dudu prekutut, manuk drekuku.

꧋ꦮꦼꦢꦶꦪꦲꦶꦁꦭꦸꦥꦸꦠ꧀ꦮꦤꦶꦪꦲꦶꦁꦧꦼꦤꦼꦂ꧉

Wedia ing luput, wania ing bener.

c. Pangkon diwuwuhi pada siji (lingsa), dadi sesulihe pada lungsi.

꧋ꦲꦗꦱꦼꦤꦼꦁꦲꦸꦩꦸꦏ꧀ꦩꦸꦤ꧀ꦝꦏ꧀ꦩꦠꦶꦏꦼꦠꦼꦏꦸꦏ꧀꧈

Aja seneng umuk, mundhak mati ketekuk.

꧋ꦧꦤ꧀ꦝꦺꦴꦱ꧀ꦲꦶꦁꦗꦼꦫꦺꦴꦲꦼꦩ꧀ꦥꦸꦏ꧀ꦲꦶꦁꦗꦧꦲꦠꦺꦴꦱ꧀꧈

Bandhos, ing jero empuk, ing jaba atos.

5. Sandhangan iku ora kena pisah karo aksara sing disandhangi . Manawa ing tiba ing wekasane larikan kang papane wis sesak, sandhangan dalasan aksara kang disandhangi, kudu katulis ana ing larikan anyar (larikan candhake).

# BAB 6 UNINE SANDHANGAN WULU

## (UNINE SWARA I)

1. Tumrap ing wanda menga, kabeh sandhangan wulu aswara jejeg, kayata :

ꦲꦶꦏꦶꦱꦶꦗꦶ ꦔꦠꦶꦲꦠꦶ ꦢꦢꦶꦏꦾꦲꦶ

iki siji ngati-ati dadi kyai

2. Tumrap ing wanda sigeg aswara jejeg, manwa sandhangan wulu dumunung ing :

a. Wanda sigeg aksara irung kang dudu wanda wekasan, kayata :

ꦠꦶꦩ꧀ꦧ ꦥꦶꦤ꧀ꦠꦺꦤ꧀ ꦏꦚ꧀ꦕꦶꦁ

timba pinten kancing

Sing nyebal : ꦲꦶꦁꦏꦁ (ingkang)

b. Tembung mung sawanda kang kalebu tembung pangungun, kayata :

ꦕꦶꦠ꧀ ꦥꦿꦶꦠ꧀ ꦕꦿꦶꦠ꧀

cit prit crit

c. Wanda wekasan kang sigeg, banjur oleh panambang a, i, e, an, anipun, utawa en. Sing maune nduweni swara miring bali jejeg maneh.

ꦩꦚ꧀ꦕꦶꦁ -> mancing ( i miring)

ꦩꦚ꧀ꦕꦶꦁꦔ -> mancinga (i jejeg)

ꦩꦚ꧀ꦕꦶꦁꦔꦶ -> mancingi (i jejeg)

ꦥꦚ꧀ꦕꦶꦁꦔꦺ -> pancinge (i jejeg)

ꦥꦚ꧀ꦕꦶꦁꦔꦤ꧀ -> pancingan (i jejeg)

ꦥꦚ꧀ꦕꦶꦁꦔꦤꦶꦥꦸꦤ꧀ -> pancinganipun ( i jejeg)

3. Tumrap ing wanda sigeg aswara miring, manawa dumunung ing :

a. Tembung mung sawanda kang dudu tembung pangungun, kayata :

ꦲꦶꦁ꧈ ꦱꦶꦁ꧈ ꦥꦶꦁ꧈ ꦠꦶꦁ꧈ ꦥꦿꦶꦁ꧈ ꦮꦶꦠ꧀ꦱꦶꦂ꧈ ꦥꦶꦂ꧈ ꦠꦶꦂ꧉

ing, sing, ping ting, pring, wit, sir, pir, tir.

b. Wanda wekasan :

ꦧꦼꦕꦶꦏ꧀ ꦏꦼꦫꦶꦱ꧀ ꦩꦸꦫꦶꦢ꧀

becik keris murid

c. Saliyane wanda wekasan , manawa sesigege dudu aksara irung, kayata :

ꦱꦶꦱ꧀ꦮ ꦱꦸꦭꦶꦱ꧀ꦠꦾ ꦱꦸꦮꦶꦒ꧀ꦚ

siswa sulistya*) suwignya

*)Katrangan : pasangan ta bali wutuh maneh

# BAB 7 UNINE SANDHANGAN SUKU

# ( SWARA U )

1. Tumrap ing wanda menga, kabeh sandhangan suku aswara jejeg, kayata :

ꦠꦸꦲꦸ ꦮꦸꦭꦸ ꦭꦸꦚꦸ ꦧꦿꦸꦠꦸ

tuhu wulu lunyu brutu

2. Tumrap ing wanda aswara jejeg, manawa dumunung ing :

a. Tembung mung sawanda kang kalebu tembung pangungun , kayata :

ꦲꦸꦠ꧀ ꦮꦸꦠ꧀ ꦚꦸꦠ꧀ ꦕꦸꦂ

ut wut nyut cur

b. Wanda sigeg aksara irung kang dudu wanda wekasan, kayata :

ꦧꦸꦩ꧀ꦧꦸꦁ ꦧ꧀ꦭꦸꦩ꧀ꦧꦁ ꦕꦸꦩ꧀ꦥ꧀ꦭꦸꦁ ꦱꦿꦸꦤ꧀ꦢꦺꦁ

bumbung blumbang*) cumplung*) srundeng

*) katrangan : pasangan la bali wutuh maneh.

c. Wanda wekasan kang banjur oleh panambang

ꦲ꧈ ꦲꦶ꧈ ꦏꦲ꧈ ꦲꦤꦾꦲꦏꦤ꧀ꦤ꧈ ꦲꦤ꧀ꦤꦶꦮꦤ꧈ ꦲꦶꦤꦾ

Kayata :

ꦱꦧꦸꦤ꧀ sabun ( u miring)

ꦚꦧꦸꦤꦶ nyabuni (u jejeg)

ꦱꦧꦸꦤꦤ꧀ sabunan (u jejeg)

ꦱꦧꦸꦤꦤ꧀ sabunan (u jejeg)

ꦱꦧꦸꦤꦤꦺ sabunane ( u jejeg)

ꦱꦧꦸꦤꦤꦶꦥꦸꦤ꧀ sabunanipun (u jejeg)

ꦱꦧꦸꦤꦺꦤ꧀ sabunen (u jejeg)

ꦱꦶꦤꦧꦸꦤꦤ꧀ sinabunan ( u jejeg)

3. Tumrap ing wanda sigeg aswara miring, manawa sandhangan suku dumunung ing :

a. Tembung mung sawanda kang dudu tembung pangungun, kayata :

ꦩꦸꦁ꧈ ꦧꦸꦁ꧈ ꦧꦸꦂ꧈ ꦧꦸꦤ꧀꧈ ꦥꦸꦤ꧀ ꦗꦸꦤ꧀ ꦠꦸꦂ꧉

Mung bung bur bun pun jun tur

b. Wanda wekasan, kayata :

ꦱꦩ꧀ꦥꦸꦤ꧀ ꦩꦚ꧀ꦕꦸꦂ ꦚꦩ꧀ꦥ꧀ꦭꦸꦁ ꦔ꧀ꦭꦸꦩ꧀ꦥꦿꦸꦏ꧀

sampun mancur nyamplung*) nglumpruk*)

*) katrangan : pasangan la bali wutuh maneh.

c. Saliyane wanda wekasan, manawa sesigege wanda iku dudu aksara irung, kayata :

ꦢꦸꦏ꧀ꦱꦶꦤ ꦱꦸꦏ꧀ꦱ꧀ꦩ ꦠꦿꦸꦱ꧀ꦛ ꦩꦸꦂꦤꦶ

duksina suksma trustha murni

# BAB 8 UNINE SANDHANGAN TALING

# (SWARA E )

1. Tumrap ing wanda menga aswara jejeg, manawa sandhangan taling iku dumunung ana ing :

a. Tembung mung sawanda :

he le taun je taun be

b. Wanda wekasan, kayata :

kate sate gule pete

c. Purwane tembung 3 wanda, kayata :

kewala kemawon rewanda sewaka

d. Sangarepe wanda wekasan kang menga legena, utawa mawa sandhangan saliyane wulu utawa suku , kayata :

rene dewa kreta pelo

e. Sangarepe wanda wekasan kang sigeg tanpa sandhangan swara, utawa mawa

sandhangan swara saliyane pepet utawa taling, kayata :

ꦏꦺꦪꦺꦴꦏ꧀ ꦌꦫꦩ꧀ ꦕꦺꦧꦺꦴꦭ꧀

keyok eram cebol

2. Tumrap ing wanda menga aswara miring, manawa dumunung ing . a. Wanda menga ing sangarepe wanda wekasan kang uga menga mawa

sandhangan wulu utawa suku, kayata :

ꦏꦺꦫꦶ ꦧꦺꦗꦶ ꦠꦺꦗꦶ ꦕꦺꦏ꧀ꦭꦶ

keri beji teji cekli

b. Wanda menga ing sangarepe wanda wekasan kang sigeg lan mawa sandhangan

pepet utawa taling, kayata :

ꦩꦼꦱꦼꦩ꧀ ꦭꦺꦫꦺꦤ꧀ ꦏꦺꦫꦼꦩ꧀ ꦒꦺꦥꦺꦁ

mesem leren kerem gepeng

3. Tumrap ing wanda sigeg aswara jejeg, manawa dumunung ing :

a. Wanda sigeg aksara irung ing sangarepe wanda wekasan kang menga tanpa

sandhangan swara, utawa mawa sandhangan swara liyane wulu utawa suku,

kayata :

[illegible]

endra menda tempe endha

b. Wanda sigeg aksara irung ing sangarepe wanda wekasan kang sigeg tanpa sandhangan swara, utawa mawa sandhangan wulu utawa taling tarung, kayata :

ꦏꦼꦤ꧀ꦝꦁ ꦱꦼꦩ꧀ꦥ꧀ꦭꦁ ꦲꦺꦚ꧀ꦗꦶꦁ ꦧꦺꦁꦏꦺꦴꦁ

kendhang semplang enjing bengkong

4. Tumrap ing wanda sigeg aswara miring, manawa dumunung ing :

a. Tembung mung sawanda,kayata :

ꦲꦺꦃ ꦠꦺꦃ ꦩꦺꦃ ꦗꦿꦺꦱ꧀

heh teh meh jres

b. Sangarepe wanda wekasan kang menga mawa sandhangan wulu utawa suku, kayata :

ꦗꦺꦁꦏꦶ ꦲꦺꦱ꧀ꦠꦸ ꦲꦺꦱ꧀ꦠꦿꦶ ꦏꦺꦏ꧀ꦱꦶ

jengki estu estri*) keksi

*) katrangan : pasangan ta bali wutuh maneh.

c. Sangarepe wanda wekasan kang sigeg mawa sandhangan pepet utawa taling, kayata :

kendel kengser pendeng grenjeng

d. Wanda wekasan kang sigeg,kayata :

ꦢꦸꦩꦺꦃ ꦗꦺꦴꦒꦺꦢ꧀ ꦒꦺꦴꦝꦺꦒ꧀ ꦧ꧀ꦭꦺꦝꦺꦒ꧀

dumeh joged godheg bledheg

# BAB 9 UNINE SANDHANGAN TALING TARUNG

# ( SWARA O )

1. Tumrap wanda menga aswara jejeg, manawa dumunung ing :

a. Tembung mung sawanda, kayata :

ꦲꦺꦴ ꦮꦺꦴ ꦱꦺꦴ ꦭꦺꦴ

ho wo so lo

b. Wanda wekasan, kayata :

ꦱꦶꦚꦺꦴ ꦔꦱꦺꦴ ꦧꦼꦝꦺꦴ ꦉꦧꦺꦴ

sinyo ngaso bedho rebo

c. Purwane tembung telung wanda, kayata :

ꦏꦺꦴꦫꦮ ꦭꦺꦴꦢꦪ ꦧꦸꦠꦭꦺꦴꦕꦪ

korawa lodaya buta locaya

d. Sangarepe wanda wekasan kang menga tanpa sandhangan swara, utawa mawa

sandhangan saliyane wulu utawa suku, kayata :

ꦏꦿꦺꦴꦝ ꦱꦼꦩ꧀ꦧꦺꦴꦗ ꦧꦺꦴꦝꦺꦴ ꦲꦺꦴꦫꦺ

krodha semboja bodho ore

e. Sangarepe wanda wekasan kang sigeg tanpa sandhangan swara, utawa mawa sandhangan saliyane pepet utawa taling tarung, kayata :

ꦚꦺꦴꦚꦃ ꦏꦺꦴꦗꦸꦂ ꦏꦺꦴꦩꦸꦏ꧀ ꦏꦺꦴꦔꦱ꧀

nyonyah kojur komuk kongas

2. Tumrap ing wanda menga aswara miring, manawa dumunung ing :

a. Wanda ing sangareping wanda wekasan kang menga mawa sandhangan wulu lan suku, kayata :

ꦠꦺꦴꦥꦶ ꦩꦺꦴꦫꦶ ꦮꦺꦴꦭꦸ ꦏꦺꦴꦭꦸ

topi mori wolu kolu

b. Wanda sangarepe wanda wekasan kang sigeg mawa sandhangan pepet utawa taling tarung, kayata :

ꦕꦺꦴꦥ꧀ꦭꦺꦴꦏ꧀ ꦏꦿꦺꦴꦝꦺꦴꦁ ꦏꦺꦴꦥꦾꦺꦴꦂ

coplok krodhong kopyor

3. Tumrap ing wanda sigeg aswara jejeg, manawa dumunung ing :

a. Wanda sigeg aksara irung ing sangarepe wanda wekasan kang menga lan mawa sandhangan swara taling atawa taling tarung.

ꦏꦺꦴꦤ꧀ꦝꦺ ꦔꦺꦴꦩ꧀ꦧꦺ ꦧ꧀ꦭꦺꦴꦤ꧀ꦝꦺꦴ ꦕꦺꦴꦤ꧀ꦠꦺꦴ

kondhe ngombe blondho conto

b. Wanda sigeg aksara irung ing sangarepe wanda wekasankang uga sigeg tanpa sandhangan swara, utawa mawa sandhangan saliyane pepet utawa taling tarung, kayata :

ꦥ꧀ꦭꦺꦴꦤ꧀ꦛꦁ ꦏꦺꦴꦩ꧀ꦥ꧀ꦭꦁ ꦏꦺꦴꦤ꧀ꦛꦶꦠ꧀ ꦏꦺꦴꦤ꧀ꦝꦺ

plonthang komplang konthit kondhe

c. Wanda wekasan kang sigeg banjur oleh panambang ꦤ ꦤ\ \ ꦤꦏ ꦤꦏꦾ, kayata :

ꦱꦏꦺꦴꦤ꧀ꦝꦺꦴꦤꦾ ( o miring)

ꦱꦏꦺꦴꦤ꧀ꦝꦺꦴꦤ꧀ꦝꦏꦾ ( o jejeg )

ꦤꦺꦏꦺꦴꦤ꧀ꦝꦺꦴꦤ꧀ꦝ ( o jejeg )

d. Wanda sangarepe wanda wekasan kang sigeg kang banjur oleh panambang a a utawa an an\ kayata :

ꦫꦺꦴꦤ꧀ꦠꦺꦴꦒ꧀ rontog ( o miring)

ꦫꦺꦴꦤ꧀ꦠꦺꦴꦒ rontoga ( o  jejeg)

ꦫꦺꦴꦤ꧀ꦠꦺꦴꦒꦤ꧀ rontogan ( o jejeg )

4. Tumrap ing wanda sigeg aswara miring, yen dumunung ing :

a. Tembung mung sawanda, kayata :

ꦭꦺꦴꦂ ꦢꦺꦴꦩ꧀ ꦩꦺꦴꦃ ꦭꦺꦴꦃ ꦗ꧀ꦭꦺꦴꦒ꧀

lor dom moh loh jlog

b. Wanda wekasan, kayata :

ꦲꦢꦺꦴꦃ ꦧꦧꦺꦴꦤ꧀ ꦲꦤ꧀ꦗ꧀ꦭꦺꦴꦒ꧀

adoh babon anjlog *)

*) katrangan : aksara Jawa ora kena tumpuk telu.

c. Wanda sigeg aksara irung ing sangarepe wanda wekasan kang menga tanpa sandhangan swara, kayata :

ꦲꦺꦴꦩ꧀ꦧꦺꦴ ꦤꦺꦴꦁꦏꦺꦴ ꦕꦺꦴꦤ꧀ꦢꦿꦺꦴ ꦫꦺꦴꦤ꧀ꦝꦺꦴ

amba nangka candra randha

ꦏꦺꦴꦚ꧀ꦕꦺꦴ ꦠꦺꦴꦩ꧀ꦧꦺꦴ ꦠꦺꦴꦤ꧀ꦝꦺꦴ ꦗꦺꦴꦁꦒꦺꦴ

kanca tamba tandha jangga

ꦒꦺꦴꦤ꧀ꦢ ꦭꦺꦴꦁꦏ ꦏꦺꦴꦤ꧀ꦝ ꦩꦺꦴꦁꦱ

ganda     langka    kandha    mangsa

Taling-tarung ing dhuwur iku lumrahe diarani TALING-TARUNG PALSU. Diarani mangkono,

jalaran yen tembunge rinaketan panambang apa bae, taling-tarung iku banjur ILANG ;

kajaba yen dipanambangi ꦲ.. Tuladhane :

ꦏꦺꦴꦤ꧀ꦕꦺꦴ + ꦏꦸ ( ꦩꦸ, ꦤꦺ, ꦤꦶꦥꦸꦤ꧀, ꦤꦶꦫ, ꦤꦶꦁꦱꦸꦤ꧀ )

ꦏꦚ꧀ꦕꦏꦸ ( ꦏꦚ꧀ꦕꦩꦸ, ꦏꦚ꧀ꦕꦤꦺ, ꦏꦚ꧀ꦕꦤꦶꦥꦸꦤ꧀, ꦏꦚ꧀ꦕꦤꦶꦫ, ꦏꦚ꧀ꦕꦤꦶꦁꦱꦸꦤ꧀)

kancaku (kancamu, kancane, kancanipun, kancanira, kancaningsun )

d. Wanda sigeg aksara irung ing sangarepe wanda wekasan kang menga mawa

sandhangan swara saliyane taling utawa taling tarung, kayata :

ꦗꦺꦴꦁꦏꦶ ꦏꦺꦴꦁꦱꦶ ꦠꦺꦴꦁꦏꦶ

jongki          kongsi          tongki

e. Wanda sigeg aksara irung sangarepe wanda wekasan kang sigeg mawa

sandhangan swara pepet utawa taling-tarung , kayata :

ꦱꦺꦴꦤ꧀ꦠꦺꦤ꧀ ꦏꦺꦴꦤ꧀ꦠꦺꦤ꧀ ꦭꦺꦴꦩ꧀ꦧꦺꦴꦏ꧀

sonten konten lombok

ꦭꦺꦴꦤ꧀ꦛꦺꦴꦁ ꦒꦺꦴꦩ꧀ꦧꦾꦺꦴꦏ꧀ ꦥ꧀ꦭꦺꦴꦤ꧀ꦛꦺꦴꦱ꧀

lonthong gombyok plonthos

ꦧꦿꦺꦴꦁꦏꦺꦴꦱ꧀ ꦏꦿꦺꦴꦤ꧀ꦕꦺꦴꦁ ꦧꦿꦺꦴꦤ꧀ꦢꦺꦴꦁ

brongkos kroncong brondong

# PADHA UNINE , BEDA TULISANE

Wanda kang padha unine beda tulisane ana warna telu :

1. Wanda menga mawa aksara legena aswara jejeg, padha unine karo wanda menga mawa taling tarung aswara miring , kayata :

ꦧꦭ꧈ꦧꦺꦴꦭꦸ ꦠꦥ꧈ꦠꦺꦴꦥꦶ

bala, bolu tapa, topi

ꦩꦫ꧈ꦩꦺꦴꦫꦶ ꦭꦫ꧈ꦭꦺꦴꦫꦶ

mara, mori lara, lori

ꦗꦭ꧈ꦗꦺꦴꦭꦶ ꦏꦭ꧈ꦏꦺꦴꦭꦸ

jala, joli kala, kolu

ꦮꦭ꧈ꦮꦺꦴꦭꦸ ꦫꦠ꧈ꦫꦺꦴꦠꦶ

wala, wolu rata, roti

ꦏꦏ꧈ꦏꦺꦴꦏꦶ

kaka, koki

2. Wanda sigeg aksara irung mawa suku aswara miring , padha unine karo wanda sigeg aksara irung mawa taling tarung aswara jejeg, kayata :

ꦥꦶꦏꦸꦤ꧀ꦏꦸꦤ꧀꧈ꦏꦺꦴꦤ꧀ꦠꦺꦴꦤ꧀ ꦱꦸꦤꦸꦂ꧈ꦤꦺꦴꦤ꧀ꦗꦺꦴꦂ

pikun, kontal suguh, gondhang

ꦚꦸꦫꦸꦁꦫꦺꦴꦁꦒꦺꦁ ꦤꦩꦸꦁꦩꦺꦴꦁꦒꦁ

nyurung, ronggeng namung, monggang

ꦭꦶꦩꦸꦤ꧀ꦩꦺꦴꦚ꧀ꦕꦺꦂ ꦥꦸꦫꦸꦤ꧀ꦫꦺꦴꦤ꧀ꦠꦺꦏ꧀

limun, moncer purun, rontek

ꦔꦿꦸꦧꦸꦁꦧꦺꦴꦁꦒꦤ꧀ ꦥꦱꦸꦁꦱꦺꦴꦁꦏꦺꦭ꧀

ngrubung, bonggan pasung, songkel

ꦱꦧꦸꦤ꧀ꦧꦺꦴꦤ꧀ꦝꦤ꧀

sabun, bondhan

3. Wanda sigeg aksara irung mawa wulu aswara miring , padha unine karo wanda sigeg

aksara irung mawa taling aswara jejeg, kayata :

ꦲꦱꦶꦤ꧀ꦱꦺꦤ꧀ꦝꦺꦴꦏ꧀ ꦲꦔꦶꦤ꧀ꦔꦺꦤ꧀ꦝꦺꦴꦁ

asin, sendhok angin, ngendhong

ꦧꦕꦶꦤ꧀ꦕꦺꦤ꧀ꦝꦺꦴꦭ꧀ ꦧꦗꦶꦁꦗꦺꦁꦒꦺꦴꦠ꧀

bacin, cendhol bajing, jenggot

ꦲꦩꦶꦤ꧀ꦩꦺꦤ꧀ꦢ ꦏꦺꦴꦩꦶꦁꦩꦺꦁꦒꦺꦴꦏ꧀

amin, menda koming, menggok

ꦪꦏꦶꦤ꧀꧈ꦏꦼꦤ꧀ꦝꦁ ꦥꦲꦶꦁ꧈ꦲꦺꦁꦒꦭ꧀

yakin, kendhang paing, enggal

ꦠꦗꦶꦤ꧀꧈ꦗꦼꦤ꧀ꦠꦺꦴꦭ꧀꧉

tajin, jentol.

# PADHA TULISANE, BEDA UNINE

Wanda kang padha tulisane beda unine ana warna 5, yaiku :

Wanda menga mawa taling tarung kang aswara jejeg lan kang aswara miring.

ꦏꦫꦺꦴ꧈ ꦫꦺꦴꦠꦶ    ꦏꦺꦧꦺꦴ꧈ ꦧꦺꦴꦭꦸ

karo, roti    kebo, bolu

ꦱꦲꦺꦴꦠꦺꦴ꧈ ꦠꦺꦴꦥꦶ    ꦠꦺꦴꦏꦺꦴ꧈ ꦏꦺꦴꦭꦸ

saoto, topi    toko, kolu

ꦕꦲꦺꦴ꧈ ꦥꦿꦶꦁꦲꦺꦴꦫꦶ    ꦒꦺꦴꦕꦺꦴ꧈ ꦕꦺꦴꦧꦶ

cao, pring ori    goco, cobi

ꦠꦼꦩ꧀ꦧꦏꦺꦴ꧈ ꦏꦺꦴꦥꦶ    ꦱꦮꦺꦴ꧈ ꦮꦺꦴꦭꦸ

tembako,kopi    sawo, wolu

ꦧꦺꦭꦺꦴ꧈ ꦭꦺꦴꦗꦶ

belo, loji

Wanda sigeg aksara irung mawa sandhangan taling kang aswara miring lan kang aswara jejeg.

ꦠ꧀ꦭꦠꦺꦤ꧀ꦠꦺꦤ꧀ꦝ    ꦥꦤꦺꦤ꧀ꦤꦺꦤ꧀ꦢꦿ

tlaten, tendha    panen, nendra

ꦮꦺꦠꦤ꧀ꦱꦺꦤ꧀ꦝꦺꦴꦤ꧀    ꦥꦺꦫꦤ꧀ꦫꦺꦤ꧀ꦝ

pancen, cendhol duren, renda



cemeng, menggok tebeng, bengkok 3



kengken, kendhang kursen, sendhe



damen. Menda

Wnda sigeg aksara irung mawa sandhangan wulu kang aswara miring lan kang aswara jejeg.



paing, inggih yatim, timba



yakin, kinjeng kirim, rimbag



ngelim, limpa peking, kingkong



asin, sinten

Wanda sigeg aksara irung mawa sandhangan suku kang aswara miring lan kang aswara jejeg.

ꦱꦧꦸꦤ꧀ꦧꦸꦤ꧀ꦝꦱ꧀ ꦠꦶꦩꦸꦤ꧀ꦩꦸꦤ꧀ꦝꦏ꧀

sabun, bundhas timun, mundhak

ꦭꦸꦠꦸꦁꦠꦸꦁꦒꦏ꧀ ꦱꦫꦸꦁꦫꦸꦁꦏꦢ꧀

lutung, tunggak sarung, rungkad

ꦲꦭꦸꦩ꧀ꦭꦸꦩ꧀ꦥꦁ ꦫꦕꦸꦤ꧀ꦕꦸꦤ꧀ꦛꦺꦭ꧀

alum, lumpang racun, cunthel

ꦔꦺꦠꦸꦩ꧀ꦠꦸꦩ꧀ꦥꦺꦁ ꦩꦸꦚ꧀ꦗꦸꦁꦗꦸꦁꦏꦠ꧀

ngetum, tumpeng munjung, jungkat

ꦏꦭꦸꦁꦭꦸꦁꦏꦿꦃ

kalung, lungkrah

Wanda sigeg aksara irung mawa sandhangan taling-tarung kang aswara miring lan kang aswara jejeg.

ꦭꦏꦺꦴꦤ꧀ꦏꦺꦴꦤ꧀ꦝꦁ ꦧꦧꦺꦴꦤ꧀ꦧꦺꦴꦤ꧀ꦝꦤ꧀

lakon, kondhang babon, bondhan

ꦥꦺꦴꦕꦺꦴꦁꦕꦺꦴꦁꦏꦿꦃ ꦧ꧀ꦭꦁꦏꦺꦴꦤ꧀ꦏꦺꦴꦤ꧀ꦝꦺ

Pocong, congkrah blankon, kondhe

ꦧꦺꦴꦕꦺꦴꦁꦕꦺꦴꦁꦏꦺꦴꦂ ꦧꦁꦏꦺꦴꦤ꧀ꦏꦺꦴꦤ꧀ꦝꦭ꧀

bolong, longgar        manggon, gondhel

ꦱꦫꦺꦴꦤ꧀ꦫꦺꦴꦤ꧀ꦠꦺꦏ꧀    ꦏꦺꦴꦥꦺꦴꦁ꧈ꦥꦺꦴꦁꦒꦺ

saron, rontek        kopong, pongge

# BAB 10 AKSARA MURDA

1. Murda = sirah (Walanda = hoofd, Inggris = head)

Aksara murda = aksara sirah, aksara sesirah (Walanda : hoofdletter, Inggris : capital).

Aksara murda iku satemene ORA ANA. Wondene kang lumrahe diarani aksara murda, utawa kang DIANGGEP minangka aksara murda iku sejatine AKSARA MAHAPRANA, yaiku aksara kang pancene kudu diucapake kanthi abab akeh; kosok baline aksara alpaprana, yaiku aksara kang kudu diucapake lumrah (kanthi abab sathithik)

2. Cacahe aksara murda (kang DIANGGEP aksara murda ) ana wolu, yaiku :

ꦟ꧈ ꦑ꧈ ꦡ꧈ ꦯ꧈ ꦦ꧈ ꦘ꧈ ꦓ꧈ ꦨ

Aksara lumrah : ꦤ꧈ ꦏ꧈ ꦠ꧈ ꦱ꧈ ꦥ꧈ ꦚ꧈ ꦒ꧈ ꦧ

Aksara Ca ora ana murdane , nanging pasangane ana , nanging saiki wis ora kanggo

Aksara murda ꦘ ing jaman saiki uga wis ora kanggo. Mriksanana layang Sarining Paramasastra Jawa kaca 121.

3. Aksara murda mung kanggo ing tata prunggu, tegese kanggo pakurmatan. Aksara murda ora kena dadi sesigeging wanda.

Ing jaman biyen kang lumrah ditulis nganggo aksara murda asmane para luhur, jejuluke lan pedunungane minangka pakurmatan. Tuladhane , kayata :

꧋ꦑꦚ꧀ꦗꦼꦁꦯꦸꦱꦸꦲꦸꦤꦤ꧀ꦦꦏꦸꦨꦸꦮꦤꦆꦁꦯꦸꦫꦏꦂꦠꦲꦢꦶꦤꦶꦁꦔꦿꦠ꧀꧈

Kanjeng Susuhunan Paku Buwana ing Surakarta Hadiningrat

꧋ꦢꦺꦮꦶꦯꦶꦤ꧀ꦠꦦꦸꦠꦿꦤꦺꦦꦸꦠꦿꦶꦦꦿꦧꦸꦗꦤꦏꦫꦠꦸꦤꦒꦫꦩꦤ꧀ꦠꦶꦭꦶꦏꦒꦂꦮꦦꦿꦧꦸꦫꦩ꧉

Dewi Sinta putrane putri Prabu Janaka ratu nagara Mantili kagarwa Prabu Rama.

4. Saiki jaman demokrasi . Prayogane kabeh jenenge wong lan jenenge titah kang tata-

caraning uripe kaya manungsa, kayata raseksa, wanara lan sapanunggalane kang

kasebut ing carita padhalangan lan liya-liyane , katulis nganggo aksara murda. Cukup

nganggo aksara murda siji bae, aksara sing ngarep dhewe. Yen aksara sing ngarep dhewe ora ana murdane , ya aksara burine ; yen burine ora ana murdane, ya burine

maneh. Tuladhane, kayata :

ꦣꦶꦥꦥꦿꦮꦶꦫ ꦩꦱ꧀ꦯꦸꦢꦂꦱꦤ

Dipaprawira Mas Sudarsana

ꦦꦿꦮꦶꦫꦩꦂꦠꦪ ꦫꦢꦺꦤ꧀ꦨꦸꦂꦲꦩ꧀

Prawiramartaya Raden Burham

ꦨꦸꦒꦸꦫꦸꦟꦸꦂꦫꦠꦿꦶ ꦫꦢꦺꦤ꧀ꦄꦗꦼꦁꦑꦂꦠꦶꦤꦶ

Bu guru Nurratri Raden Ajeng Kartini

[illegible]

Pak Mantri Aripin    Raseksi Trijatha.

Mung tembung “Gusti Allah” lumrahe aksara murda saanane

ditulis kabeh, mangkene :



# BAB 11 AKSARA SWARA

1. Aksara swara iku sejatine mung ana lima, yaiku :

ꦄ꧈ ꦆ꧈ ꦌ꧈ ꦎ꧈ ꦈ

A I E O U

ꦄ, jenenge ꦄꦱ꧀ꦮꦫ unine a.

ꦆ, jenenge ꦆꦱ꧀ꦮꦫ unine i.

ꦌ jenenge ꦌꦱ꧀ꦮꦫ unine e.

ꦎ, jenenge ꦎꦱ꧀ꦮꦫ unine o.

ꦈ, jenenge ꦈꦱ꧀ꦮꦫ unine u.

Ananging aksara

ꦉ jenenge ꦫ dicerek, dadi lelirune ꦫꦼ

ꦊ jenenge ꦭ dilelet, dadi lelirune ꦭꦼ

Kalebu aksara swara, mulane banjur ana sing ngarani yen cacahe aksara swara ana pitu.

Bab iku salaras karo kawruh sangkalan, tembung swara dianggep darbe watak wilangan pitu.

Panganggone aksara swara ꦉꦊꦋ

ꦉꦒ ꦉꦤ ꦉꦱꦶꦏ꧀ ꦩꦉꦩ꧀

rega rena resik marem

ꦲꦉꦩ꧀-ꦲꦉꦩ꧀ ꦩꦉꦩ꧀ ꦱꦉꦩ꧀

arem-arem marem sarem

ꦏꦉꦥ꧀ ꦥꦩ꧀ꦧꦉꦥ꧀ ꦱꦉꦁ

karep pambarep sareng

ꦮꦸꦭꦤ꧀ꦉꦗꦼꦧ꧀ ꦲꦁꦱꦭ꧀ꦉꦗꦼꦏꦶ ꦏꦠꦺꦴꦤ꧀ꦉꦒꦼꦁ

wulan Rejeb angsal rejeki katon regeng

ꦱꦔꦼꦠ꧀ꦉꦩꦼꦤ꧀ ꦢꦶꦥꦸꦤ꧀ꦉꦩꦼꦠ꧀ ꦢꦩꦼꦭ꧀ꦉꦩ꧀ꦥꦼꦪꦼꦏ꧀

sanget remen dipun remet damel rempeyek

ꦒꦊꦩ꧀ ꦥꦊꦩ꧀ ꦊꦩ꧀ꦧꦸꦠ꧀ ꦊꦩꦃ

gelem pelem lembut lemah

ꦲꦢꦺꦴꦭ꧀ꦊꦔ ꦥꦊꦩ꧀ꦊꦒꦶ ꦧꦺꦴꦠꦼꦤ꧀ꦊꦁꦒꦃ

adol lenga pelem legi boten lenggah

2. Gunane aksara swara dienggo nulisi tembung manca kang dicethakake, kayata :

ꦄꦒꦸꦱ꧀ꦠꦸꦱ꧀ ꦆꦧꦿꦲꦶꦩ꧀ ꦌꦱ꧀ꦥꦿꦺꦱ꧀

Agustus Ibrahim Espres

ꦎꦏ꧀ꦠꦺꦴꦧꦺꦂ ꦈꦱ꧀ꦩꦤ꧀ ꦆꦁꦒꦿꦶꦱ꧀

Oktober Usman Inggris

3. Aksara swara ꦄ꧈ ꦆ꧈ ꦌ꧈ ꦎ꧈ ꦈ꧈ ora kena dadi pasangan. Manawa dumunung ing saburine wanda sigeg, aksara sesigeging wanda iku kudu dipangku. Wondene aksara swara ꦄ dadine pasangan ꧀ꦲ katulis jejer karo aksara kang dipasangi; aksara swara ꦌ dadine pasangan ꧀ꦲꦼ katulis ing sangisore aksara kang dipasangi; mesthi bae pasangane pepet dumunung ing sadhuwure aksara kang dipasangi.

ꦮꦸꦭꦤ꧀ꦄꦥꦿꦶꦭ꧀ ꦥꦏ꧀ꦆꦢꦿꦶꦱ꧀

Wulan April Pak Idris

ꦥꦁꦏꦠ꧀ꦎꦥ꧀ꦱꦶꦃꦠꦺꦂ ꦩꦭꦼꦩ꧀ꦉꦧꦺꦴ

Pangkat Opsihter malem Rebo

ꦩꦱ꧀ꦈꦩꦂꦱꦲꦶꦢ꧀ ꦩꦔꦤ꧀ꦭꦼꦥꦼꦠ꧀

Mas Umarsaid mangan lepet

4. Aksara swara iku ora kena ditrapi sandhangan swara.

5. Tembung manca kang ora dicethakake, luwih-luwih tembung manca kang wis rumasuk basa Jawa nganti arang kang sumurup yen iku tembung manca, lumrahe katulis tanpa aksara swara. Tuladhane kayata tembung Sangsekerta "aksara" lumrahe mung katulis ꦲꦏ꧀ꦱꦫ. Nanging manawa ditulis ꦄꦏ꧀ꦱꦫ ora luput.

# BAB 12 AKSARA REKAN

1. Aksara rekan cacahe ana lima, yaiku :

ꦏ꦳꧈ ꦢ꦳꧈ ꦥ꦳꧈ ꦗ꦳꧈ ꦒ꦳꧉

Gunane aksara rekan dienggo nulisi tembung manca kang dicethakakе, luwih-luwih tembung Arab.Manawa ora dicethakake yen kang ditulis iku tembung manca, mung katulis nganggo aksara lumrah bae. Tuladhane kayata :

ꦏ꦳ꦭꦶꦭ꧀ yen ora dicethakake ꦏꦭꦶꦭ꧀

ꦢ꦳ꦶꦏꦶꦂ yen ora dicethakake ꦢꦶꦏꦶꦂ

ꦥ꦳ꦲꦢ꧀ yen ora dicethakake ꦥꦲꦢ꧀

ꦗ꦳ꦏꦭ꧀ yen ora dicethakake ꦗꦏꦭ꧀

ꦒ꦳ꦭꦸꦭ꧀ yen ora dicethakake ꦒꦭꦸꦭ꧀

2. manawa aksara rekan karaketan sandhangan pepet, cecake telu dumunung ing sajroning pepet; dene yen karaketan sandhangan wulu, layar utawa cecak , cecake telu dumunung ing sisih kiwa, sandhangan wulu, layar, utawa cecak ing sisih tengen.

Tuladhane :

ꦥ꦳ꦶꦠꦿꦃ ꦥ꦳ꦂꦭꦸ ꦢ꧀ꦮꦶꦥ꦳ꦸꦁꦱꦶ ꦥ꦳ꦶꦂꦩꦤ꧀

fitrah farlu dwifungsi firman

3. kajaba aksara rekan ꦥ ( ꦥ꦳ ) kang wujuding pasangane ꧀ꦥ꦳ aksara rekan ora kena dadi pasangan. Manawa aksara rekan dumunung ing saburine wanda sigeg, sesigeging wanda iku kudu dipangku. Tuladhane :

ꦱꦩ꧀ꦥꦸꦤ꧀ꦥ꦳ꦲꦩ꧀ ꦱꦮꦼꦒ꧀ꦢ꦳ꦶꦏꦶꦂ

sampun faham saweg dzikir

ꦗ꦳ꦏꦠ꧀ꦥ꦳ꦶꦠꦿꦃ ꦱꦸꦩꦼꦫꦼꦥ꧀ꦒ꦳ꦲꦶꦧ꧀

zakat fitrah sumerep ghaib.

# BAB 13 ANGKA JAWA

1. Angka Jawa siji tekan sanga sarta das, wujude mangkene :

꧇꧑꧈ aksara ꦒ꧉ = 1

꧇꧒꧈ aksara ꦲ꧈ꦝꦶꦚꦸꦚꦸꦚꦿꦸ꧈ = 2

꧇꧓꧈ aksara ꦲ꧈ꦝꦶꦒꦥꦂꦩꦤꦾꦿ꧈ = 3

꧇꧔꧈ aksara ꦥ꧈ꦥꦶꦤꦶꦂ꧉ = 4

꧇꧕꧈ aksara ꦥ꧈ꦩꦿꦤꦿꦂ꧉ = 5

꧇꧖꧈ aksara ꦬꦩꦒꦤ꧉ = 6

꧇꧗꧈ aksara ꦮ = 7

꧇꧘ aksara ꦲ꧈ꦲꦮꦾ꧈ꦲ꧈ꦥꦿꦏ꧉ = 8

꧇꧙꧈ aksara ꦦ꧉ = 9

ꦏꦧꦾ bunderan (Indonesia : nol) = 0

2. Sarehning angka Jawa iku awujud aksara Jawa , supaya ora mbingungake , panulise kudu dipisah karo aksara Jawa kang dumunung ana ing sakiwa tengene . Srana kang dienggo

misah iku pada pangkat, mulane angka Jawa diapit-apit ing pada pangkat. Tuladhane :

꧋ꦱꦠꦲꦸꦤ꧀ꦮꦺꦴꦤ꧀ꦠꦺꦤ꧀꧇꧑꧒꧇ꦮꦸꦭꦤ꧀꧉

Sataun wonten 12 wulan.

꧋ꦱꦮꦸꦭꦤ꧀ꦥꦸꦤꦶꦏ꧇꧓꧐꧇ꦢꦶꦤ꧀ꦠꦺꦤ꧀꧉

sawulan punika 30 dinten.

꧋ꦠꦲꦸꦤ꧀ꦩꦱꦺꦲꦶꦱꦥꦸꦤꦶꦏ꧇꧒꧐꧑꧐꧉

Taun Masehi sapunika 2010

3. Manawa ing saburine angka Jawa ana pada lingsa utawa lungsi , ing saburine angka iku

banjur tanpa pada pangkat. Tuladhane :

꧋ꦩꦁꦏꦠꦺꦗꦩ꧀꧇꧗꧈ꦩꦸꦭꦶꦲꦺꦗꦩ꧀꧇꧑꧐꧉

Mangkate jam 7, mulihe jam 10

꧋ꦥꦸꦠꦿꦤꦺꦥꦏ꧀ꦒꦸꦫꦸ꧇꧓꧈ꦮꦪꦲꦺ꧇꧘꧉

Putrane pak Guru 3, wayahe 8.

꧋ꦩꦸꦫꦶꦢ꧀ ꦌꦱ꧀ ꦌꦩ꧀ ꦥꦶ ꦲꦶꦁꦱꦼꦏꦺꦴꦭꦲꦤ꧀ꦏꦸ꧇꧒꧙꧔꧈ꦮꦢꦺꦴꦤꦺ꧇꧑꧐꧖꧉

Murid SMP ing sekolahanku 294, wadone 106

# BAB 15 UNINE AKSARA HA (ꦲ.)

1. Unine aksara ha (ꦲ) ana sing anteb (mawa abab akeh) lan ana kang ampang. Aksara

ha (ꦲ) kang unine anteb, yaiku :

a. Ing tembung manca sawetara, kayata :

ꦲꦮ ꦲꦶꦏ꧀ꦩꦠ꧀ ꦲꦏꦶꦩ꧀ ꦲꦶꦩꦮꦤ꧀

hawa hikmat hakim himawan

b. Manawa kadunungan sandhangan wyanjana, kayata :

ꦲꦿꦸ ꦲꦽꦢꦪ ꦲꦾꦸꦤ꧀ ꦲꦾꦁ

hru hredaya hyun hyang

c. Yen ana saburine wanda menga kang nunggal swara , kayata :

ꦱꦲ ꦠꦸꦲꦸ ꦌꦲꦺ ꦠꦲꦠꦲ

saha tuhu ehe taha-taha

d. Manawa dumunung ing wanda wekasan kang sigeg karaketan sandhangan suku;

samono iku yen wanda sangarepe menga kadunungan sandhangan suku utawa

taling tarung. Tuladhane:

ꦕꦺꦴꦲꦸꦁ ꦥꦺꦴꦲꦸꦁ ꦢꦸꦲꦸꦂ ꦭꦸꦲꦸꦂ

Cohung pohung duhur luhur

e. Ana maneh aksara ha (a) kang unine anteb kang ora kena dipathoki, kayata:

ꦲꦫ ꦲꦸꦱ꧀ ꦲꦺꦴꦫꦺ ꦭ꧀ꦲꦺꦴ

hara hus hore lho

2. Aksara ha kang unine ampang, yaiku :

a. yen dumunung saburine wanda menga kang ora nunggal swara, kayata :

ꦗꦲꦺ ꦧꦲꦸ ꦥꦲꦶꦁ ꦏꦲꦺ

jae bau paing kae

b. Yen dadi bebukaning tembung kang ora kedunungan sandhangan wyanjana, kayata :

ꦲꦁꦒꦼꦂ ꦲꦮꦺꦃ ꦲꦺꦱꦸꦏ꧀ ꦲꦸꦩꦸꦏ꧀

angger aweh esuk umuk

Aksara ha (ꦲ) kang dumunung ing saburine wanda sigeg unine kaya aksara

sesigeging wanda iku. Dadi pamacane miturut sastra laku (castralampah) ; kajaba

manawa sesigege wanda iku aksara ka (ꦏ) . Tuladhane :



3. Ana tembung mawa wanda aksara ha (a ) kang aksarane ha (a ) kena diwaca

anteb utawa ampang, amarga tegese tembung iku ana werna loro, kayata :

ꦠꦲꦸ = 1. Tau (wis ngalami) 2. Arane panganan.

ꦠꦸꦲꦸ = 2. Tuu (arane manuk) 2. Nyata.

# BAB 16

# UNINE AKSARA WA (ꦮ) , YA (ꦪ).

1. Ing ngarep wis dipratelakake yen aksara wa (ꦮ) lan ya (ꦪ) iku aksara mandaswara

, tegese aksara kang unine manda-manda, ora cetha. Aksara wa (ꦮ) unine ing antarane aksara wa (ꦮ) karo ha (ꦲ) . Aksara ya (ꦪ) unine ing antarane aksara

ya (ꦪ) karo aksara ha (ꦲ)

Nanging ora kabeh wandane tembung kang mawa wa (ꦮ) utawa ya (ꦪ) iku unine mung manda-manda utawa ora cetha . Akeh uga wandane tembung kang mawa wa (ꦮ) utawa ya (ꦪ) sing unine cetha .

2. Aksara wa (ꦮ) sing mandaswara , manawa dumunung ing :

a. Wanda menga ing saburine wanda kang uga menga mawa sandhangan suku utawa taling tarung, kayata :

ꦏꦸꦮꦺ ꦏꦺꦴꦮꦺ ꦩꦸꦮꦫ ꦠꦸꦮꦶ

kuwe kowe muwara tuwi

ꦱꦸꦮꦫ ꦭꦸꦮꦺ ꦠꦸꦮ ꦠꦿꦸꦮꦺꦭꦸ

suwara luwe tuwa truwelu

b. Wanda sigeg ing saburine wanda menga mawa sandhangan taling-tarung,

manawa wanda sigeg iku tanpa sandhangan swara

ꦏꦿꦺꦴꦮꦏ꧀ ꦱꦺꦴꦮꦤ꧀ ꦒꦿꦺꦴꦮꦃ

krowak sowan growah

ꦥꦺꦴꦮꦤ꧀ ꦧ꧀ꦭꦺꦴꦮꦃ ꦢꦶꦱꦺꦴꦮꦏ꧀

powan blowah disowak

c. Wanda sigeg ing saburine wanda menga mawa sandhangan suku, kayata :

ꦲꦸꦮꦺꦴꦁ ꦭꦸꦮꦺꦱ꧀ ꦝꦸꦮꦶꦠ꧀

uwong luwes dhuwit

ꦝꦸꦮꦺꦠ꧀ ꦏꦸꦮꦠ꧀ ꦱꦸꦮꦺꦏ꧀

dhuwet kuwat suwek

d. Wa (w ) malihane panambang ha (a ) kayata :

ꦠꦸꦏꦸꦮ ꦔꦁꦒꦺꦴꦮ ꦩꦲꦶꦢꦺꦴꦮ

tukua nganggoa maidoa

ꦠꦸꦫꦸꦮ ꦔ꧀ꦒꦸꦪꦸꦮ ꦔꦁꦱꦸꦮ

turua ngguyua ngangsua

e. Wa (ꦮ) ing wanda wan (ꦮꦤ꧀ ) malihane panambang an (ꦲꦤ꧀ )

kayata :

ꦗꦒꦺꦴꦮꦤ꧀ ꦏꦭꦸꦮꦤ꧀

jagoan kaluan

ꦏꦼꦧꦺꦴꦮꦤ꧀ ꦗꦼꦗꦺꦴꦝꦺꦴꦮꦤ꧀

keboan jejodhoan

ꦧꦤ꧀ꦠꦸꦮꦤ꧀ ꦗꦼꦫꦺꦴꦮꦤ꧀

bantuan jeroan

3. Saliyane kang kasebut ing dhuwur iku, unine wanda mawa aksara wa (ꦮ) ora mung

mandaswara , nanging cetha. Tuladhane :

ꦮꦶꦱ꧀ ꦮꦺꦴꦢ꧀ ꦭꦶꦮꦠ꧀

wis wod liwat

ꦠꦮꦢ꧀ꦢ ꦔꦶꦮꦱ꧀ ꦭꦶꦮꦠ꧀

woh tiwas liwat

ꦫꦺꦮꦁ ꦒꦮꦠ꧀

rewang gawat

4. Aksara ya (y ) mandaswara manawa dumunung ing : a. Wanda menga saburine wanda kang uga menga mawa sandhangan wulu utawa

taling, kayata :

ꦏꦶꦪꦺ ꦧꦺꦪ ꦥꦿꦶꦪ ꦏꦥꦿꦶꦪꦺ

kiye beya priya kapriye

ꦏꦸꦥꦶꦪ ꦭꦶꦪ ꦭꦶꦪ ꦱꦶꦪꦱꦶꦪ

kupiya liya liya siya-siya

b. Wanda sigeg saburine wanda menga mawa sandhangan wulu lan taling , kayata :

ꦠꦶꦪꦁ ꦫꦸꦥꦶꦪꦃ ꦏꦺꦪꦺꦴꦁ ꦏꦶꦪꦺꦁ

tiyang rupiyah keyong kiyeng

ꦏ꧀ꦭꦺꦪꦁ ꦏꦶꦪꦠ꧀ ꦒꦺꦪꦺꦴꦭ꧀ ꦕꦿꦶꦪꦺꦴꦱ꧀

kleyang kiyat geyol criyos

c. Ya (y ) malihane panambang a (a ) kayata :

ꦫꦢꦫꦗꦪ ꦤꦺꦛꦶꦪ ꦮꦺꦠꦶꦥꦠꦶꦪ

Renea balia ngati-atia

ꦒꦮꦺꦪ ꦒꦼꦩꦶꦪ ꦔꦗꦶꦪ

gawea gemia ngajia

d. Ya ( ꦪ ) ing wanda yan ( ꦪꦤ꧀ ) malihane panambang an ( ꦲꦤ꧀ )

kayata :

ꦒꦮꦺꦪꦤ꧀ ꦏꦱꦸꦕꦶꦪꦤ꧀ ꦒꦝꦺꦪꦤ꧀

gawean kasucian gadhean

ꦥꦿꦗꦚ꧀ꦗꦶꦪꦤ꧀ ꦥꦔꦗꦶꦪꦤ꧀

prajanjian pangajian

5. Saliyane kang kasebut ing dhuwur iku , unine wanda mawa aksara ora mung mandaswara , nanging cetha . Tuladhane :

ꦢꦪꦸꦤ꧀ ꦧꦪꦼꦩ꧀ ꦒꦸꦪꦸꦧ꧀

dayun bayem guyub

ꦏꦪꦸꦤ꧀ ꦒꦺꦴꦪꦁ ꦥꦸꦪꦸꦃ

kayun goyang puyuh

# BAB 17

# UNINE AKSARA KA ( ꦏ ) YEN DADI SESIGEG

1. Aksara ka (k ) yen dadi sesigeging wanda , sing akeh-akeh swarane ampang, nanging

uga ana kang aswara anteb, yaiku :

a. Yen wanda urute (kang nunggal tembung ) aksara ca ( ꦕ ) , ta ...( ꦠ ) , sa

...( ꦱ ).. utawa ma ( ꦩ ) , kayata :

ꦱꦸꦏ꧀ꦕꦶ ꦫꦸꦏ꧀ꦩ ꦠꦏ꧀ꦱꦏ ꦎꦏ꧀ꦠꦺꦴꦧꦺꦂ

sukci rukma taksaka Oktober

ꦥꦿꦶꦏ꧀ꦱ ꦥꦏ꧀ꦱ ꦫꦸꦏ꧀ꦩꦶ ꦮꦶꦭꦠꦶꦏ꧀ꦠ

priksa paksa rukmi wilatikta

b. Yen dadi sesigeging wanda kang mawa sandhangan pepet, kayata :

ꦧꦕꦼꦏ꧀ ꦧꦸꦤꦼꦏ꧀ ꦕꦸꦫꦼꦏ꧀ ꦱꦸꦩ꧀ꦥꦼꦏ꧀

bacek bunek curek sumpek

c. Wanda mawa pepet sigeg ka ( ꦏ꧀ ) akeh kang Manawa pepete di buwang , ora

ngowahake tegese , kayata :

ꦥꦶꦕꦼꦏ꧀ = ꦥꦶꦕꦏ꧀ ꦮꦠꦼꦏ꧀ = ꦮꦠꦏ꧀

picek = picak watek = watak

ꦏꦼꦧꦼꦏ꧀ = ꦏꦼꦧꦏ꧀ ꦱꦼꦧꦼꦏ = ꦱꦼꦧꦏ꧀

kebek = kebak ꦱꦼꦧꦼꦢꦏ = ꦱꦼꦧꦢꦲꦏ

ꦥꦶꦠꦼꦏ꧀ = ꦥꦶꦠꦏ꧀ ꦥꦼꦫꦼꦏ꧀ = ꦥꦫꦼꦏ꧀

pitek = pitak perek = parek

d. Nanging ora kabeh wanda mawa pepet kang aswara anteb mesthi sigeg aksara

ka ( ꦏ꧀ ) akeh uga kang sigeg ga ( ꦒ꧀ ) kayata :

ꦔꦢꦼꦒ꧀ ꦲꦗꦼꦒ꧀ ꦧꦸꦝꦼꦒ꧀

ngadeg ajeg budheg

ꦏꦽꦠꦼꦒ꧀ ꦲꦸꦚ꧀ꦕꦼꦒ꧀ ꦒꦼꦧ꧀ꦭꦼꦒ꧀

kreteg unceg gebleg

e. Yen dumunung ing sajroning tembung kang ateges nirokake uni utawa nirokake

swara , kayata :

꧋ꦩꦤꦸꦏ꧀ꦒ꧀ꦭꦛꦶꦏ꧀ꦲꦸꦤꦶꦤꦺ꧇ ꦛꦶꦏ꧀ꦛꦶꦏ꧀꧉

Manuk glathik unine : thik-thik.

꧋ꦧꦧꦺꦴꦤ꧀ꦩꦸꦩꦲꦸꦥꦼꦠꦺꦴꦏ꧀ꦥꦼꦠꦺꦴꦏ꧀꧉

Babonmu mau petok-petok.

꧋ꦱꦶꦁꦛꦏ꧀ꦛꦸꦏ꧀ꦏꦲꦺꦱ꧀ꦮꦫꦤꦺꦲꦥ꧉

Sing “thak-thuk” kae swarane apa ?

Cathetan :

Tembung Arab kang kanggo ing basa Jawa, sing mawa wanda sigeg ka (ꦏ) unine ana kang ampang lan ana sing anteb, kayata :

ꦩꦸꦏ꧀ꦩꦶꦤ꧀ wanda ꦩꦸꦏ꧀ swarane ampang

mukmin

ꦠꦏ꧀ꦢꦶꦂ wanda ꦠꦏ꧀ swarane anteb.

takdir wanda tak

# BAB 18

# DAYANE TEMBUNG ING (ꦲꦶꦁ)

1. Sarupane tembung kang dumunung saburine tembung “ING” purwane kudu diunekake kanthi mbrengenging aksara irung.

Yen purwane aksara da (f), ta (t), dha (d) kanthi mbrengengenging aksara na (n). Yen apurwa pa (p), ba (b) kanthi mbrengeging aksara ma (m). Yen apurwa ha (a), ra (r), ka (k), ga (g), wa (w), la (l), ya (y) kanthi mbrengengenge nga (z)

ꦲꦤ꧈ ꦲꦶꦁꦲꦭꦱ꧀ ( ing alas ). Unine : ꦲꦶꦁꦔꦭꦱ꧀

ꦲꦶꦁꦫꦠꦤ꧀ ( ing ratan ). Unine : ꦲꦶꦁꦔꦿꦠꦤ꧀

ꦲꦶꦁꦢꦭꦸ ( ing dalu ). Unine : ꦲꦶꦁꦤ꧀ꦢꦭꦸ

ꦲꦶꦁꦗꦧ ( ing jaba ). Unine : ꦲꦶꦁꦚ꧀ꦗꦧ

ꦲꦶꦁꦝꦸꦏꦸꦃ ( ing dhukuh ). Unine : ꦲꦶꦁꦤ꧀ꦝꦸꦏꦸꦃ

ꦲꦶꦁꦪꦺꦴꦗ ( ing Yoja ). Unine : ꦲꦶꦁꦔꦾꦺꦴꦗ

ꦲꦶꦁꦒꦭꦸꦃ ( ing Galuh ). Unine : ꦲꦶꦁꦔ꧀ꦒꦭꦸꦃ

ꦲꦶꦁꦧꦤ꧀ꦝꦸꦁ ( ing Bandhung ). Unine : ꦲꦶꦁꦔ꧀ꦧꦤ꧀ꦝꦸꦁ

b. ꦲꦶꦁꦕꦶꦩꦲꦶ ( ing Cimahi ). Unine : ꦲꦶꦁꦔ꧀ꦕꦶꦩꦲꦶ

ꦲꦶꦁꦏꦸꦛ ( ing kutha ). Unine : ꦲꦶꦁꦔ꧀ꦏꦸꦛ

ꦲꦶꦁꦠꦸꦧꦤ꧀ ( ing Tuban ). Unine : ꦲꦶꦁꦔ꧀ꦠꦸꦧꦤ꧀

ꦲꦶꦁꦱꦭ ( ing Sala ). Unine : ꦲꦶꦁꦔ꧀ꦱꦭ

ꦲꦶꦁꦮꦫꦸꦁ ( ing warung ). Unine : ꦲꦶꦁꦔ꧀ꦮꦫꦸꦁ

ꦲꦶꦁꦥꦫꦤ꧀ ( ing paran ). Unine : ꦲꦶꦁꦔ꧀ꦥꦫꦤ꧀

ꦲꦶꦁꦗꦭꦤ꧀ ( ing ). Unine : ꦲꦶꦁꦔ꧀ꦗꦭꦤ꧀

2. Yen purwane tembung kang dumunung ing saburine tembung ing (ai= ) aksara ha (a ) , ra (r ) , utawa la (l ) mangka tembunge dudu tembung aran, aksara nga (z ) kang tumrap ing purwane tembung mau, lumrahe katulis. Tuladhane, kayata :

ꦲꦶꦁꦔꦫꦺꦥ꧀ katulis ꦲꦶꦁꦔꦫꦺꦥ꧀ ( ing ngarep ).

ꦲꦶꦁꦲꦼꦤ꧀ꦢꦶ katulis ꦲꦶꦁꦔꦼꦤ꧀ꦢꦶ ( ing ngendi ).

ꦲꦶꦁꦫꦶꦏꦶ katulis ꦲꦶꦁꦔꦿꦶꦏꦶ ( ing ngriki ).

ꦲꦶꦁꦫꦶꦏꦸ katulis ꦲꦶꦁꦔꦿꦶꦏꦸ ( ing ngriku ).

ꦲꦶꦁꦫꦶꦏ katulis ꦲꦶꦁꦔꦿꦶꦏ ( ing ngrika ).

ꦲꦶꦁꦭꦼꦧꦼꦠ꧀ katulis ꦲꦶꦁꦔ꧀ꦭꦼꦧꦼꦠ꧀ ( ing nglebet ).

# BAB 19

# AKSARA SESIGEGING WANDA

1. Sok ana wong nulis :

ꦔ꧀ꦒꦺꦴꦝꦺꦴꦒ꧀ꦲꦺꦤ꧀ꦝꦺꦴꦒ꧀ kliru ꦔ꧀ꦒꦺꦴꦝꦺꦴꦏ꧀ꦲꦺꦤ꧀ꦝꦺꦴꦏ꧀

Nggodhog endhog kliru nggodhok endhok

ꦱꦶꦧꦼꦒꦺꦴꦒ꧀ꦏꦼꦕꦺꦴꦕꦺꦴꦒ꧀ kliru ꦱꦶꦧꦼꦒꦺꦴꦏ꧀ꦏꦼꦕꦺꦴꦕꦺꦴꦏ꧀

Si Begog kecocog kliru si begok kecocok

ꦏꦶꦄꦒꦼꦁꦠꦫꦸꦧ꧀ꦱꦿꦼꦒꦼꦥ꧀ kliru ꦏꦶꦄꦒꦼꦁꦠꦫꦸꦥ꧀ꦱꦿꦼꦒꦼꦧ꧀

Ki Ageng Tarub sregep kliru Ki Ageng Tarup sregeb

ꦥꦏ꧀ꦢꦮꦸꦢ꧀ꦲꦶꦏꦸꦩ꧀ꦭꦫꦠ꧀ kliru ꦥꦏ꧀ꦢꦮꦸꦠ꧀ꦲꦶꦏꦸꦩ꧀ꦭꦫꦢ꧀

Pak Dawud iku mlarat kliru Pak Dawut iku mlarad

Sing njalari klira-kliru mangkono iku , amarga wong sing nulis ora ngerti titikane wanda mawa sesigeg , aksara apa sesigege. Awit saka iku , supaya wong aja nganti klira-kliru panulise tembung kang mawa wanda sigeg , kudu ngerti titikane sesigeg.

2. Kang dianggo nitik wanda “SIGEG AKSARA APA” lumrahe sarana tembunge

dipanambangi e ( ) Tuladhane kayata :

Wong kae ayake

katulis wandane wekasan sigeg g (g ) sebab yen tembunge

dipanambangi e ([a ) dadi bude[gG.Panambang e ([a ) malih dadi ge

([g ) mulane panulise tembung iku wandane wekasan sigeg g (g. ) Banyu blumbang iku

katulis wandane wekasan sigeg k (k ) sebab yen tembunge dipanambangi

e ([a ) dadi buqe[kK. Panambang e ([a ) malih dadi ke ([k ) mulane

panulise tembung iku wandane wekasan sigeg k (k )

Bu Guru tuku

katulis wandane sigeg p sabab yen tembunge dipanambangi e dadi

. Panambang e malih dadi he mulane panulise tembung iku

wandane wekasan sigeg pa

3. Yagene tembung-tembung ing ngisor iki wandane wekasan katulis sigeg ga (g )

cocog blabag bledheg

ꦒꦸꦝꦶꦒ꧀ ꦒ꧀ꦭꦸꦝꦸꦒ꧀ ꦮꦫꦺꦒ꧀

gudhig gludhug wareg

ꦲꦚ꧀ꦗꦺꦴꦒ꧀ ꦲꦚ꧀ꦗ꧀ꦭꦺꦴꦒ꧀ ꦥꦺꦚ꧀ꦕꦶꦒ꧀

anjog anjlog pencig

4. Yagene tembung-tembung ing ngisor iki wandane wekasan katulis sigeg ka (k )

ꦩ꧀ꦭꦼꦠꦶꦏ꧀ ꦒꦺꦴꦩ꧀ꦧꦾꦺꦴꦏ꧀ ꦏ꧀ꦭꦸꦩ꧀ꦥꦸꦏ꧀

mletik gombyok klumpuk

ꦚꦩ꧀ꦥ꧀ꦭꦸꦏ꧀ ꦲꦩ꧀ꦧꦿꦸꦏ꧀ ꦔꦺꦩ꧀ꦥ꧀ꦭꦺꦴꦏ꧀

nyampluk ambruk ngemplok

5. Yagene tembung-tembung ing ngisor iki wandane wekasan katulis sigeg da (f )

ꦕꦕꦢ꧀ ꦱꦿꦺꦧꦺꦢ꧀ ꦩꦸꦫꦶꦢ꧀

cacad srebed murid

ꦮꦸꦗꦸꦢ꧀ ꦲꦸꦮꦺꦴꦢ꧀ ꦧꦺꦧꦺꦢ꧀

wujud uwod bebed

6. Yagene tembung-tembung ing ngisor iki wandane wekasan katulis sigeg ta (t )

ꦠꦺꦴꦧꦠ꧀ ꦕ꧀ꦭꦸꦫꦶꦠ꧀ ꦧꦸꦤ꧀ꦠꦸꦠ꧀

tobat clurit buntut

ꦕꦿꦺꦮꦺꦠ꧀ ꦕꦺꦴꦥꦺꦴꦠ꧀ ꦲꦼꦚ꧀ꦗꦺꦠ꧀

crewet copot enjet

7. Yagene tembung-tembung ing ngisor iki wandane wekasan katulis sigeg ba (b )

ꦱꦧꦧ꧀ ꦒꦸꦪꦸꦧ꧀ ꦏꦶꦏꦶꦧ꧀

sabab guyub kikib

ꦒꦲꦶꦧ꧀ ꦩꦸꦫꦸꦧ꧀ ꦉꦧꦧ꧀

gaib murub rebab

8. Yagene tembung-tembung ing ngisor iki wandane wekasan katulis sigeg pa (p )

ꦏ꧀ꦭꦫꦥ꧀ ꦲꦶꦤ꧀ꦠꦶꦥ꧀ ꦏꦸꦚ꧀ꦕꦸꦥ꧀

klarap intip kuncup

ꦭꦤ꧀ꦝꦼꦥ꧀ ꦏꦱꦺꦥ꧀ ꦱꦺꦭꦺꦴꦥ꧀

landhep kasep selop

# BAB 20

# TEMBUNG LINGGA

1. Panulise tembung lingga ora kena ngrangkep aksara , kayata :

ꦢꦲꦤ ꦱꦿꦺꦔꦺꦔꦺ ꦧꦿꦺꦔꦺꦴꦱ꧀ ꦊꦫꦶ

dahana srengenge brengos leri

Ora kena katulis :

ꦢꦃꦲꦤ ꦱꦿꦺꦂꦔꦺꦔꦺ ꦧꦿꦺꦂꦔꦺꦴꦱ꧀ ꦊꦂꦫꦶ

Sing nyebal : ꦠꦤ꧀ꦚ (tannya)

Manawa katulis ꦠꦤ꧀ꦤ, pakecapane wanda ing ngarep (wandane wiwitan) mesthi

banjur kliru jejeg , sing benere kudu diwaca miring.

2. Endi sing kudu katulis nganggo pepet-layar , lan endi kang katulis nganggo keret ?

a. Mung wanda wekasaning lingga kang katulis nganggo pepet – layar

ꦮꦢꦼꦂ ꦧꦼꦤꦼꦂ ꦱꦤ꧀ꦠꦼꦂ ꦊꦩ꧀ꦥꦼꦂ ꦱꦼꦒꦼꦂ

wader bener santer lemper seger

b. Kang dudu wanda wekasaning lingga kang katulis ngango keret , ora kena

nganggo pepet layar

ꦥꦿꦺꦭꦸ ꦒꦿꦺꦩ ꦏꦿꦺꦠꦼꦒ꧀ ꦠꦿꦺꦧꦁ ꦥꦿꦼꦏꦸꦠꦸꦠ꧀

prelu grema kreteg trebang prekutut

c. Wandane tembung manca kang dicethakake , senajan dudu wanda wekasaning lingga, katulis nganggo pepet-layar , kayata :

ꦥꦼꦂꦧꦤ꧀ꦝ asline : verband

ꦥꦼꦂꦒꦝꦫꦶꦁ asline : vergadering

ꦒꦸꦥꦼꦂꦤꦼꦩꦺꦤ꧀ asline : Gouvernement

d. Purwane lingga kang katulis mung nganggo layarbae (ora nganggo pepet-layar , ora nganggo keret ), kayata :

ꦮꦂꦠ ꦏꦂꦤ ꦱꦂꦠ ꦮꦂꦤ ꦢꦂꦩ

warta karna sarta warna darma

3. Manawa nunggal tembung, pasangan ca , ja ora kena katulis ana ing sangisore aksara na, kudu mnganggo ana sangisore aksara nya , kayata :

ꦭꦚ꧀ꦕꦶꦥ꧀ ꦩꦼꦚ꧀ꦕꦼꦁ ꦧꦚ꧀ꦗꦸꦂ ꦏꦚ꧀ꦕꦶꦁ

lancip menceng banjur kancing

ꦏꦼꦚ꧀ꦕꦸꦂ ꦭꦼꦚ꧀ꦕꦼꦁ ꦱ꧀ꦭꦺꦴꦚ꧀ꦗꦺꦴꦂ ꦒꦚ꧀ꦗꦶꦭ꧀

kencur lenceng slonjor ganjil

Titikane nunggal tembung utawa ora , bisane katon Manawa katulis ing aksara Latin.

a. Nunggal tembung, yen katulis nganggo aksara Latin nunggalsagandhengan,

kayata :

janji jinjit panci lonjong

Manawa aksara sesigegeing wanda kang ngarep kudu dipangku uga kudu aksara nya dudu

aksara na

anjlog

onclang

mencla-mencle

kinclong-kinclong

b. Ora nunggal tembung, yen katulis nganggo aksara Latin ora nunggal

sagandhengan, kayata :

Jangan cipir

pakan jangkrik

Panganan cucur 4.

Wanda kang mawa panjingan la , kang mawa sandhangan cakra utawa kang mawa

sandhangan keret, ora kena kaulur didadekake rong wanda, kayata :

ꦧ꧀ꦭꦼꦝꦸꦒ꧀ ꦏꦿꦸꦥꦸꦏ꧀ ꦏꦽꦠꦼꦒ꧀

bledug krupuk kreteg

ꦕꦿꦶꦮꦶꦱ꧀ ꦱ꧀ꦭꦺꦴꦚ꧀ꦗꦺꦴꦂ ꦱꦽꦒꦼꦥ꧀

criwis slonjor sregep

mung yen ana perlune, kayata tumrap ing tembang , dienggo ngganepi guru wilanganing

gatraning tembang, kena kaulur dadi :

ꦧꦭꦼꦝꦸꦒ꧀ ꦏꦫꦸꦥꦸꦏ꧀ ꦏꦫꦼꦠꦼꦒ꧀

baledug karupuk kareteg

ꦕꦫꦶꦮꦶꦱ꧀ ꦱꦭꦺꦴꦚ꧀ꦗꦺꦴꦂ ꦱꦫꦼꦒꦼꦥ꧀

cariwis salonjor saregep

5. Wandane tembung kang mawa sandhangan pengkal , ora kena kaulur didadekake rong

wanda , sanajan tumrap ing tembang:

ꦱꦼꦢꦾ ꦭꦒꦾ ꦏꦢꦾ

sedya lagya kadya

ꦧꦒꦾ ꦱꦼꦠꦾ

bagya setya

Ora kena kaulur mangkene :

ꦱꦼꦢꦶꦪ ꦭꦒꦶꦪ ꦏꦢꦶꦪ

sediya lagiya kadiya

ꦧꦒꦶꦪ ꦱꦼꦠꦶꦪ

bagiya setiya

6. Aksara Jawa ora kena nganti sungsun telu, mundhak ngebakebaki papan, mulane pasangan kang dumunung ana ing sangisoe aksara, ora kena ditrapi panjingan la utawa panjingan wa (wa gembung) Tuladhane :

ꦲꦩ꧀ꦧ꧀ꦭꦺꦱ꧀ ꦗꦸꦩ꧀ꦧ꧀ꦭꦺꦁ ꦒꦼꦩ꧀ꦧ꧀ꦭꦸꦏ꧀

ambles jumbleng gembluk

ꦩꦔꦤ꧀ꦏ꧀ꦮꦕꦶ ꦲꦤꦏ꧀ꦏ꧀ꦮꦭꦺꦴꦤ꧀

mangan kwaci anak kwalon

Tumrap pasangan kang katulis jejer karo aksara kang dipasangi, ora ana pekewuhe ditrapi panjingan la utawa panjingan wa (wa gembung ). Tuladhane, kayata :

ꦕꦸꦩ꧀ꦥ꧀ꦭꦸꦁ ꦠꦸꦩ꧀ꦥ꧀ꦭꦏ꧀ ꦏꦼꦩ꧀ꦥ꧀ꦭꦸꦁꦏꦼꦩ꧀ꦥ꧀ꦭꦸꦁ

cumplung tumplak kemplung kemplung

ꦚꦼꦩ꧀ꦥ꧀ꦭꦸꦏ꧀ ꦩꦤꦸꦏ꧀ꦱ꧀ꦮꦫꦶ ꦥꦼꦤ꧀ꦝꦺꦴꦏ꧀ꦱ꧀ꦮꦱ

nyempluk manuk swari pendhok swasa

Cathetan :

Tembung kang mawa wanda panjingan wa (wa gembung ), wanda iku kena diulur

didadekake rong wanda, kajaba tembung kang mung sawanda. Tuladhane, kayata :

ꦏ꧀ꦮꦱꦶ ꦏ꧀ꦮꦭꦶꦠꦱ꧀ ꦱ꧀ꦮꦂꦒ

kena diulur dadi :

ꦏꦸꦮꦱꦶ ꦏꦸꦮꦭꦶꦠꦱ꧀ ꦱꦸꦮꦂꦒ

Nanging ꦱ꧀ꦮꦶ ora kena kaulur dadi : ꦱꦸꦮꦶ.

Apa tulisan ing ngisor iki bener ?

ꦄꦩ꧀ꦧꦾꦃ ꦲꦩ꧀ꦧꦾꦂ ꦲꦩ꧀ꦧꦾꦸꦂ ꦒꦺꦴꦩ꧀ꦧꦾꦺꦴꦏ꧀

Ambyah ambyar ambyur gombyok

Bener. Tulisan ing dhuwur iku ora ana aksara kang sungsun telu, sabab pengkal iku dudu

aksara, nanging sandhangan, kalebu sandhangan wyanjana.

7. Tembung manca kang wandane wekasan menga lan legena aswara miring, wanda iku

kudu katulis mawa wignyan. Tuladhane :

ꦄꦥ꦳꧀ꦫꦶꦏꦃ ꦌꦫꦺꦴꦥꦃ ꦄꦩꦺꦫꦶꦏꦃ

Afrika Eropa Amerika

Cathetan : Tembung “wathathitha” (tembung pangungun kata seru)) Manawa iku dianggep tembung

manca (saka basa apa ?) kudu katulis aksara Jawa : ꦥꦿꦺꦴꦃꦒꦿꦺꦴꦃ.. Nanging yen iku tembung

Jawa (Tembung Jawa kang muncul anyar-anyaran), katulis tanpa wignyan, mangkene :

ꦥꦿꦺꦴꦒꦿꦺꦴ.

8. Tembung lingga 3 wanda :

a. Yen kabeh wandane menga , wanda kapindho lan katelu legena , sanajan

pakecapane wanda kapisan mawa pepet, panulise tanpa pepet. Tuladhane :

ꦱꦒꦫ ꦢꦤꦮ ꦮꦠꦫ ꦏꦠꦫ

sagara danawa watara katara

b. Yen wandane kapisan lan kapindho menga legena, wandane kapisan sigeg aksara

irung lan pakecapane mawa pepet, panulise wanda kapisan uga mawa pepet

ꦧꦼꦤ꧀ꦢꦫ ꦏꦼꦚ꧀ꦕꦤ ꦠꦼꦩ꧀ꦧꦒ ꦧꦼꦁꦒꦭ

bendara kencana tembaga benggala

Sing nyebal : ꦥꦤ꧀ꦝꦮ.

Katulis ꦥꦤ꧀ꦝꦮ sabab tembung iku ateges ꦥꦸꦠꦿꦤꦺꦥꦤ꧀ꦝꦸ . Yen Katulis

ꦦꦤ꧀ꦝꦮ banjur ateges ꦥꦸꦠꦿꦤꦺꦦꦤ꧀ꦝꦸ mangka ora ana paraga

wayang kang jenenge ꦦꦤ꧀ꦝꦸ

c. Tembung lingga 3 wanda liya-liyane , panulise wandane kapisan mawa pepet utawa ora miturut pakecapane . Tuladhane :

ꦱꦁꦱꦫ ꦭꦼꦤ꧀ꦠꦼꦫ ꦭꦩ꧀ꦥꦶꦠ ꦕꦼꦩ꧀ꦥꦸꦫꦶꦠ꧀

sangsara lentera lampita cempurit

d. Tembung manca 3 wanda kang wis rumasuk dadi tembung Jawa , panulise lan pakecapane miturut kedaling swarane ilat Jawa .

ꦩꦱ꧀ꦏꦥꦻ Asline : maatschapij

ꦒꦫꦱꦶ Asline : garage

ꦧꦒꦱꦶ Asline : bagage

9. Tembung lingga 3 wanda sing kramane mung ganti swarane sawanda utawa rong wanda , panulise wandane kapisan ing tembunge krama padha karo wandane kapisan ing tembunge ngoko.

ꦮꦠꦮꦶꦱ꧀ ꦮꦠꦫ ꦠꦼꦩ꧀ꦧꦒꦶ ꦠꦼꦩ꧀ꦧꦒ

watawis watara tembagi tembaga

ꦩꦤꦮꦶ ꦩꦤꦮ ꦱꦒꦤ꧀ꦠꦼꦤ꧀ ꦱꦒꦫ

manawi manawa saganten sagara

10. Panulise tembung yogyaswara , tembunge sing ngarep karo sing buri mung beda

wandane wekasan. Tuladhane :

ꦧꦛꦫꦧꦛꦫꦶ ꦫꦱꦼꦏ꧀ꦱꦫꦱꦼꦏ꧀ꦱꦶ ꦲꦥ꧀ꦱꦫꦲꦥ꧀ꦱꦫꦶ

bathara-bathari raseksa-raseksi apsara-apsari

11. Wandane tembung kang kaprungu mawa aksara wa sanajan mung mandaswara ,

aksara wa iku kudu ditulis , kayata :

ꦧꦸꦮꦤ ꦏꦸꦮꦱ ꦱꦸꦮꦫ ꦏꦸꦮꦺꦤꦶ

buwana kuwasa suwara kuweni

ꦏꦸꦮꦠ꧀ ꦭꦸꦮꦏ꧀ ꦫꦸꦮꦺꦢ꧀ ꦒꦺꦴꦮꦁ

kuwat luwak ruwed gowang

12. Wandane tembung kang kaprungu mawa aksara ya sanajan mung mandaswara ,

aksara ya iku kudu ditulis, kayata :

ꦫꦸꦥꦶꦪꦃ ꦱꦶꦪꦁ ꦕꦿꦶꦪꦺꦴꦱ꧀ ꦧꦺꦪ

rupiyah siyang criyos beya

ꦫꦺꦪꦺꦴꦒ꧀ ꦏꦺꦪꦺꦴꦏ꧀ ꦱꦶꦪꦺꦴꦱ꧀

reyog keyok siyos

# BAB 21

# TEMBUNG DWI PURWA

Yen puwaning lionggane awujud aksara legena, dadine dwipurwa wandane kapiosan lan kapndho  uga awujud aksara legena, kayata :

ꦭꦫ -> ꦭꦭꦫ꧈ ꦗꦏ -> ꦗꦗꦏ

ꦧꦪ -> ꦧꦧꦪ꧈ ꦥꦠꦶ -> ꦥꦥꦠꦶ

ꦢꦤ -> ꦢꦢꦤ꧈ ꦧꦚꦸ -> ꦧꦧꦚꦸ

Dwipurwa, ejaan aksara Latin karo aksara Jawa beda. Panulise Latin tembuing-tembung ing dhuwur iku wandane kapisan nganggo “e”, mangkene :

Lelara    Jejaka    bebaya   pepati   dedana    bebanyu

Sandhangan swara katut ing dwipurwa, kajaba taling tarung palsu, kayata :

ꦭꦶꦫꦸ ꦭꦶꦭꦶꦫꦸ ꦠꦺꦭꦸ ꦠꦺꦠꦺꦭꦸ

liru    leliru     telu     tetelu

ꦠꦺꦭ ꦠꦺꦠꦺꦭ ꦏꦺꦴꦤꦁ ꦏꦺꦏꦺꦴꦤꦁ

Tela     tetela     konang    kekonang

ꦱꦸꦏꦸꦃ ꦱꦸꦱꦸꦏꦸꦃ ꦱꦶꦭꦶꦃ ꦱꦶꦱꦶꦭꦶꦃ

suguh sesuguh silih sesilih

Sing nyebal : [illegible]

Taling tarung palsu ora katut ing dwipurwa, kayata :

ꦠꦺꦴꦩ꧀ꦧ ꦠꦼꦠꦺꦴꦩ꧀ꦧ ꦩꦺꦴꦁꦱ ꦩꦼꦩꦺꦴꦁꦱ

Tamba tetamba mangsa memangsa

ꦒꦤ꧀ꦝ ꦒꦼꦒꦤ꧀ꦝ ꦠꦁꦒ ꦠꦼꦠꦁꦒ

Ganda geganda tangga tetangga

Sandhangan wyanjana ora katut ing dwipurwa, kayata :

ꦠꦿꦸꦏ ꦠꦼꦠꦿꦸꦏ ꦏꦿꦩꦱ꧀ ꦏꦼꦏꦿꦩꦱ꧀

truka tetruka kramas kekramas

ꦏꦿꦺꦴꦝꦺꦴꦁ ꦏꦼꦏꦿꦺꦴꦝꦺꦴꦔꦤ꧀

Krodhong kekrodhongan

Sandhangan panyigeging wanda ora katut dwipurwa

